*ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ*

*ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ*

*"Пуқаралык ҳәм хожалык ҳуқықы"*
*кафедрасы*

# *РЕФЕРАТ*

**ТЕМА: ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНЫҢ ДЕРЕКЛЕРИ**


*Орынлаған:* *Юридика факультетиниң 4-курс студенти*
*Ш.Икметуллаева*

*Илимий басшы:* *юридика илимлери кандидаты*
*Ш.Шамшетов*


***Нөкис-2014***

**ТЕМА: ХОЖАЛЫҚ ҲУҚЫҚЫНЫҢ ДЕРЕКЛЕРИ**

**М А З М У Н Ы :**

**К И Р И С И Ў**

**1. Хожалық ҳуқықы дереклери түсиниги ҳәм олар әмел қылатуғын хожалық қатнасықларының улыўма сыпатламасы**

**2. Хожалық ҳуқықы дереклериниң түрлери**

**3. Хожалық ҳуқықы нормаларын талқылаў**

**4. Хожалық нызамлардың ўақыт, аймақ ҳәм шахслар бойынша әмелде болыўы. Нызам ҳәм ҳуқық аналогиялары**

**ЖУЎМАКЛАЎ**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ**

# К И Р И С И Ў

Бизге белгили, Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен соң қабыл етилген нызамлардың көпшилиги мүлкий ҳәм мүлк пенен байланыслы болған жеке қатнасықларды тәртипке салыўға қаратылған. Соның ишинде, хожалық жүритиўши субьектлер ортасында, қалаберсе, экономиканы басқарыўда хожалық субьектлери менен мәмлекет ортасында жүзеге келетуғын қатнасықлар тиккелей хожалық қатнасықлары есапланып, оны тәртипке салыўдың ҳуқықый тәреплерин үйрениў ҳәм бул тараўдағы ҳуқық нормаларын жетилистирип барыў машқалаларын изертлеў үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады.

Себеби, Президентимиз И.А.Каримоа атап өткениндей, “елимизде өткен жыллар даўамында базар экономикасы тараўындағы өзгерислердиң исенимли нызамшыдық базасын қәлиплестириў бойынша әмелге асырылған үлкен жумыслар ҳеш кимге сыр емес, әлбетте.

Булардың барлығын атап өткен ҳалда әмелдеги нызамларымыздың көпшилигин оларды қолланыў әмелияты ҳәм мәмлекетимизде базар қатнасықлары раўажланыўының ҳәзирги дәўирдеги жаңа реал ҳалатынан келип шығып сезилерли тәризде қайта көрип шығыў керек”[1].

Ҳақыйқатында да, хожалық ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўшы ҳуқықый норматив ҳүжжетлердиң мазмун-мәнисин кең түрде анализ қылыў, солар қатарында хожалық ҳуқықы дереклери системасын талқылаў үлкен илимий ҳәм әмелий әҳмийетке ийе болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 53-статьясына муўапық, базар қатнасықларына қаратылған Өзбекстан экономикасының негизин ҳәр қыйлы формалардағы мүлк қурайды. Мәмлекет тутыныўшылардың ҳуқықлары үстинлигин есапқа ала отырып, экономикалық искерлик, исбилерменлик ҳәм мийнет етиў еркинлигин, барлық мүлк формаларының тең ҳуқықлылығын ҳәм ҳуқықый жақтан теңдей қорғалыўына кепиллик

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).

береди[2]. Экономикалық реформаларды әмелге асырыў бойынша Парламентимиз тәрепинен қабыл етилип атырылған нызамларды турмысқа қолланыўдағы айырым қәте ҳәм кемшиликлер тийкарынан экономикалық билимлердиң терең ийеленбегенлиги себепли жүз бермекте. Сол себепли, ҳуқықый мәмлекет қурыўдай жоқары ўазыйпаны әмелге асырыў тиккелей кадрларымыздың экономикалық ҳуқықый билимлерин арттырыў ўазыйпасын да өз ишине қамрап алыўы тийис.

Ҳуқықтың ең тийкарғы тармақларынан бири болған хожалық ҳуқықы тийкарлары ҳаққындағы билим тек ҳуқықтаныў саласы ушын емес, ал жәмийетлик әҳмийетке де ийе есапланады. Себеби, хожалық ҳуқықы дереклери көринисине ийе болған усы ҳуқық тармағы дереклери өз характерине қарай бир нешше жәмийетлик ҳуқықый қатнасықлар шеңберин өз ишине қамтып алады.

Усылардан келип шыққан ҳалда бул питкериў жумысында ҳуқықтың ең тийкарғы тараўларынан болған хожалық ҳуқықының дереклерин кең мазмунда талқылаўдан өткериў изертлеў мақсети етип алынған.

Сол тийкарда, жумыстың мазмуны кирисиў, төрт параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен қуралады.

Кези келгенде соны да атап өтиўимиз орынлы, базар қатнасықларына өтиў шәраятында хожалық ҳуқықының изертлеў шеңберине киретуғын тийкарғы ҳуқықый қағыйдалары өз коринисин тапқан тийисли тараў нызамшылығы нормаларының жетилистирилиўи экономиканың турақлы түрде өсип барыўына, усы тийкарда исбилерменлик жумысының күшли ҳуқықый механизмлериниң қәлиплесиўине беккем тийкар жаратылады.

Буның дәлийли сыпатында, кейинги ўақытларда хожалық нызамшылығының жаңадан жаңа тармақларының пайда болып атырғанлығына итибар қаратыўдың өзи жеткиликли саналады.

Мәселен, Президентимиз тәрепинен быйылғы жылдың “Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик жылы” етип белгилениўи, усы тийкарда бул

[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Тошкент: Ўзбекистон, 2003. – 16-б.

бойынша мәмлекетлик бағдарламаның қабыл етилиўи мүнәсибети менен хожалық ҳуқықы дереклериниң бир неше ҳуқықый институтлары жүзеге келди. Сонлықтан, ҳәр бир ҳуқық тараўында болғаны сыяқлы хожалық ҳуқықы дереклерин де избе-из түринде үйренип, оларға тийисли болған көз-қарас ҳәм пикирлерди қәлиплестириў зәрүр әҳмийетке ийе.

Хожалық ҳуқықы дереклерин талқылаў тек бир ғана ҳуқық тараўы менен емес, ал оған мазмунлық ҳәм көлемлик жақтан жақын болған басқа ҳуқық тараўы нызамшылығына тийисли норматив ҳүжжетлерди де кеңнен анализ қылыўды талап етеди.

Сонлықтан, питкериў жумысы режеси тийкарында ең алды менен хожалық ҳуқықы дереклери системасын қураўшы тийкарғы ҳәм қосымша дереклер структурасын өзимизге анық түсиникли етип қабыл етиўимиз тийис. Тийкарынан нызамлар, нызам асты ҳүжжетлери ҳәм басқа да локал норматив ҳүжжетлер жыйындысын беретуғын нызамшылық механизмин өз мазмунына көре тиккелей хожалық ҳуқықы дереклерин талқылаўдан өткериўде де қолланыўымыз мақсетке муўапық.

Усы тийкарда хожалық ҳуқықы дереклерин үйрениўден алдын усы ҳуқық тараўлары дереклери түсинигин, оның сыпатламасын, түрлерин, усы дереклердиң ўақыт, аймақ ҳәм шахслар шеңберинде ҳәрекетте болыўына айрықша итибар қаратыў орынлы болып есапланады.

Жумыстың тийисли параграфларында итибар қаратылатуғын жоқарыдағы мәселелер менен бир қатарда оның жуўмақлаў бөлиминде автор тәрепинен хожалық ҳуқықы тараўындағы нызамшылық системасын еле де жетилискен көриниске ийе болыўы ушын зәрүр болған тийисли пикир ҳәм нызамшылық усынысларын келтирип өтиў режелестирилмекте. Сонлықтан, тийисли параграфларда хожалық ҳуқықы дереклериниң мазмун мәниси изертлеўдиң арнаўлы методларынан пайдаланыў арқалы ашып бериўге үлкен итибар қаратылыўы көзде тутылмақта.

## 1. Хожалық ҳуқықы дереклери түсиниги ҳәм олар әмел қылатуғын хожалық қатнасықларының улыўма сыпатламасы

Өзбекстан Республикасындағы ҳуқық системасының дереги бул ўәкилликли органлар тәрепинен белгиленген тәртипте қабыл етилетуғын нызамлар ҳәм шығарылатуғын ҳуқықый ҳүжжетлер болып есапланады.

Ғәрезсиз Өзбекстан Республикасында ҳуқық тараўларынан бири сыпатында хожалық ҳуқықының дереклери дегенде, хожалық ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салатуғын нормативликлик ҳүжжетлер түсиниледи.

Ҳуқық дерегин қурайтуғын халықтың ерки мәмлекеттиң ерки болып, мәлим формада нызамлар ҳәм басқа нормативликлик ҳүжжетлерде сәўлеленеди. Мине усы нызамлар ҳам ҳуқықый ҳүжжетлер ең алды менен Өзбекстан халқының еркин, қәлеўин аңлататуғын ҳуқықый қағыйдалар жыйындысы болып есапланады. Ҳәр бир илим ушын мине усы нызамлардың ҳәм ҳуқықый ҳүжжетлердиң қайсы бири яки оның кандай қагыйдасы дерек екенлигин ажыратып алыў керек болады. Әсиреес, бул мәселе хожалық ҳуқықы ушын әҳмийетли. Себеби, хожалық ҳуқықый нормаларын бирден-бир системаға салыўшы айрықша ҳуқықый ҳүжжет ҳәзирше жоқ[3].

Лекин, солай болса да, ғәрезсиз республикамыздың ўәкилликли органлары тарепинен қабыл етилген бир қатар нызамлар ҳәм ҳуқықый ҳүжжетлер бар, олардың дерлик жудә үлкен бөлеги тиккелей хожалық ҳуқықының дереги бола алады. Соны да атап өтиў орынлы, хожалық ҳуқықы дереклери ушын усы ҳуқық тармағы предмети тийкар ўазыйпасын өтейди. Бул предмет болса, хожалық қатнасықларының улыўмалық көринисин өзинде сәўлелендиреди.

Тийкарынан хожалық қатнасықларының тийкарғы бөлегин хожалық субъектлариниң өз-ара вертикал ҳәм горизонтал қатнасықлары қурайды. Хожалық ҳуқықы пәнинде хожалық қатнасықлары тийкарынан үш топарға: хожалық искерлигин әмелге асырыў менен байланыслы қатнасықларға,

[3] Олейник А.С. Предпринимательское (хозяйственное) право. М., Юристь, 2000 г. 1-2-том. – С. 244.

хожалыққа басшылық қылыўдан келип шығатуғын (хожалықты басқарыў) қатнасықларға ҳәмде ишки қатнасықларға ажыратылады.

Хожалық қатнасықларының **биринши топары** тиккелей өним ислеп шығарыў, жумысты орынлаў, хызмет көрсетиў менен байланыслы хожалық искерлиги есапланады.

Хожалық қатнасықларының е**кинши топары** хожалық искерлигине басшылық қылыўдан келип шығады.

**Ишки хожалық** қатнасықлары болса, ҳәр бир кәрхананың, бирлеспениң ислеп шығарыў дүзилмелери ортасындағы ишки қатнасықлары формасында сәўлеленеди.

Хожалық (исбилерменлик) ҳуқықы дереклериниң өзине тән өзгешеликлери оның субъектлери менен де байланыслы.

Өзбекстан Республикасы Конституциясы барлық ҳуқықлар қатары хожалық ҳуқықының тийкарғы дереги есапланады. Ең алды менен, Конституцияның 12-бабы жамийеттиң экономикалық негизлери ҳаққында белгиленген қағыйдалары хожалық ҳуқықының дереги болып есапланады. Соның ишинде, Конституцияның мине усы бабының 53-статьясында «Базар қатнасықларын раўажландырыўға қаратылған Өзбекстан экономикасының негизин ҳәр қыйлы формалардығы мүлк қурайды. Мәмлекет тутыныўшылардың ҳуқықы үстинлигин есапқа алып, экономикалық искерлик, исбилерменлик ҳәм мийнет етиў еркинлигин, барлық мулк формаларының тең ҳуқықлылығын ҳәм ҳуқықый жақтан теңдей қорғалыўын кепиллестиреди», - деп белгиленген.

Соның менен бирге, Конституцияда жеке меншиктиң басқа мүлк формалары менен бир катарда мәмлекет қорғаўында болыўы, мүлкдардың мүлкине өз қәлеўине көре ийелик етиўи, оннан пайдаланыўы ҳәм оны бийлик етиўи (Конституцияның 54-статьясы), жер, жер асты байлықлары, суў, өсимлик ҳәм ҳайўанат дүньясы ҳәмде басқа тәбийий запаслардың улыяма миллий байлық екенлиги (Конституцияның 55-статьясы) сыяклы статьялары хожалық ҳуқықына тиккелей дерек болып есапланады.

Буннан тысқары, хожалық ҳуқықының дереги болып Республикамыз Олий Мажлиси тәрепинен қабыл етилген басқа нызамлар, Президент пәрманлары, Министрлер кабинетиниң қарарлары ҳәмде тийисли ўәкилликке ийе болған уйымлар тәрепинен қабыл етилген ҳуқықый ҳүжжетлер де есапланады. Хожалық ҳуқықы дереги деп, хожалық субъектлери ортасында келип шығатуғын хожалық искерлигине тийисли қатнасықларды ҳуқықый тәртипке салыўшы нызамшылық нормаларының жыйындысына айтылады.

Хожалық ҳуқықы дереклериниң түрлери болып, Конституцияға муўапық қабыл етилген нызамлар ҳәм белгиленген тәртипте шығарылған басқа ҳуқықый ҳүжжетлер есапланады. Олар Өзбекстанның усы бүгинги экономикалық раўажланыўын белгилеўши тийкарғы факторлардан бири есапланады, Базарды дүзиў, базар экономикасы қатнасықларын раўажландырыў ҳәм оны нызам менен кепиллестириўге каратылған, неге дегенде базар қатнасықлары нызамлар менен кепиллестирилмес екен, өз-озинен белгили, товар ислеп шығарыў да, хызмет көрсетиў де кеўилдегидей раўажланбайды., буның нәтийжесинде оннын материаллық мапдар болыў да пасейеди, мүлкдарлар классы қәлиплеспейди. Бул өз нәўбетинде ғәрезсиз мәмлекетимиздиң экономикалық раўажланыўына тосқынлық кылады. Халықтың материаллық ҳәм турмыс пәраўанлығы тамийинлениўин қыйынластырады. Сол себепли, республикамызда базар экономикасы қатнасықларын барған сайын раўажландырып барыўға ҳәм оның раўажланыўын нызам менен кепиллестириўге айрықша итибар берилмекте. Әсиресе, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодексиниң қабыл етилиўи, күшке кириўи бул барада әҳмийетли ўақыя болды[4].

Бизге белгили, Пуқаралық кодексиниң меншик ҳуқықы, миннетлеме ҳуқықы, мүлктиң бир шахс ийелигинен екинши шахс ийелигине өтиўине қаратылған шәртнамалар ҳаққындағы қағыйдалары тиккелей базарды дүзимге, оны товарлар ҳәм хызметлер менен толтырыўға, хожалық

---

[4] Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодекси. Т. «Адолат» 1996-й

субъектиниң базар қатнасықларында еркин қатнасыўды тәмийинлеўге каратылған.

Өзбекстан Республикасы Хожалық кодексиниң меншик ҳуқықы ҳәм басқа затлық ҳуқыклар, миннетлеме ҳуқықы бөлимлери тиккелей хожалық ҳуқықына тийисли болған қағыйдаларын өзинде жәмлестиреди. Мүлктиң мүлкдар қолында болыўының тек өзи ғана базар экономикасы қатнасықларын толық қәлиплестирмейди, албетте.

Базар экономикасы қатнасықлары мүлкдарлардың ҳам мүлктиң болыўы менен бирге, сол мулктиң көбейияи менен оларды алмаслаў менен, мүлкдарларға хызмет көрсетиў, базар инфраструктурасының қәлиплесиўи менен биргеликте раўаж табады. Әсиресе, Хожалық кодексиниң миннетлемелердиң айырым турлерин қураған шәртнамаларға тийисли қағыйдалары бул салада зәрүр әҳмийетке ийе болады. Соның ишинде, өним жеткерип бериў, аўыл-хожалығы өнимлерин сатып алыў–контрактация шәртнамалары республикамизда базар экономикасы қатнасықларының басқышпа-басқыш қәлиплесип барыўы менен бирге пүткиллей жаңа қатнасыққа айланады. Бул шәртнамаларды дүзиў ҳәм орынлаў бойынша жүзеге келетуғын мәмлекеттиң режели тапсырмалары, ҳәкимшилик бурықпазлық тийкарында товарларды бөлистириў сыяқлы шеклеўлер пүткиллей алып тасланады.

Мине усыған уқсас мүлк ижарасы, лизинг, кесип алыў (пудрат), қурылыс кесип алыў, тасыў, кредит, есап-китап ҳәм соған уқсас хожалық субъектлери қатнасыўында дүзилетуғын шәртнамаларға тийисли қағыйдалар тиккелей хожалық ҳуқықына дерек болатуғын қағыйдалар болып есапланады.

Хожалық ҳуқықының дереги болып, Өзбекстан Республикасының Ҳаўа кодекси[5], Хожалық процессуал кодекси[6] есапланади. Ҳаўа кодексинде аэропортлар, ҳаўа транспорты арқалы тасыў. кәрхана, шөлкем, мекеме ҳәм

[5] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993 йил 6 сон 247-моддаси.
[6] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993 йил 10 сон 371-моддаси.

пуқараларға бир мәртелик буйыртпа тийкарында шәртнамаға муўапық хызмет көрсетиўге тийисли қағыйдалар белгиленген. Хожалық процессуал кодекси болса тиккелей хожалық субъектлери ортасында ҳәм исбилеменлер қатнасыўындағы мүлкий тартысларды хожалық судлары тәрепинен шешиўде қолланылады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен қабыл етилген бир қатар нызамлар хожалық ҳуқықының дереги есапланады. Бул нызамлардың көпшилиги базар қатнасықларын қәлиплестириўге хызмет етеди. Олардан бир топары мүлк пенен байланыслы қатнасықларға тийисли болып есапланады. Соның ишинде, базар экономикасы қатнасықларын нызамлы кепиллестириўге қаратылған «Мүлкшилик ҳаққында», «Мүлкти мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў ҳаққында», «Ижара ҳаққында», «Исбилерменлик жумысы еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында»[7] ҳәм басқа соған уқсас бир қатар нызамлар қабыл етилген. Бул нызамлардың бир топары базар экономикасы шәраятында хожалық субъектлриниң ҳуқықый ҳалатына бағышланған. Буған мысал ретинде, Өзбекстан Республикасының «Жууўапкршилиги шекленген ҳәм қомсымша жууўапкршиликли жәмийетлер ҳаққында», «Банк ҳәм банклер жумысы ҳаққында», «Дийхан хожалығы ҳаққында», «Фермер хожалығы ҳаққында», «Биржа ҳәм биржалар жумысы ҳаққында» ҳәм басқа нызамларды көрсетип өтиў мүмкин.

Буннан тысқары, базар экономикасы қатнасықларын кепиллестириўге қаратылған «Товар базарларында монополистлик искерликти шеклеў ҳаққындағы», «Товар белгилери, товар келип шығыў орны ҳаққындағы», «Стандартластырыў ҳаққында»ғы, «Метерология ҳаққында»ғы, «Өним ҳәм хызметлерди сертификатластырыў ҳаққында»ғы, «Хожалық жүргизиўши субъектлер жумысының шәртнамалы-ҳуқықый базасы ҳаққындағы» нызамлары бул тараўда зәрүр әҳмийетке ийе болады.

Хожалық ҳуқықы дереклеринен түрлеринен бирин Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен қабыл етилген қарарлар қурайды.

---

[7] Халк сузи. 2001 й. 22 январ.

Буған мысал ретинде Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң 1995 жыл 31-августындағы «Айырым кәрханалар ҳәм мал-мүлкти мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириўдиң айырым айырым мәселелери ҳаққында»ғы қарарын келтирип өтиўимиз мүмкин. Бул қарар менен меншиклестирилиўи мүмкин болмайтуғын мүлк обьектлери санап көрсетиледи. !сиресе. хожалық ҳуқықының жаңа шәраятларда базар экономикасы қатнасықлары менен бирге раўажланыўында Президентимиз тәрепинен қабыл етилген Пәрманлар да зәрүр әҳмийетке ийе. Болып есапланады. Өзбекстан Республикасы Конституциясы 94-статьясында, Өзбекстан Республикасы Президенти Конституция ҳәм нызамларға тийкарланып, оларды орынлаў бойынша Республиканың пүткил аймағында мәжбүрий күшке ийе болған Пәрманлар, қарарлар ҳәм бийликлер шығарады, деп белгиленген. Буған мысал 1999 жыл ғҳ июньдеги «Финанс-хожалық искерлигин әмелге асырмай атырған ҳәм нызамшылықта белгиленген мүддетлерде өзлериниң устав фондларын қәлиплестирмеген кәрханаларды сапластырыў тәртибин әпиўайыластырыў шара-илажлары ҳаққында»ғы 1999 жыл 23 июльдги «Кәрханалар банкротлығы ҳәм санация механизмин жетилистириў ҳаққында», 2000-жыл 2-августтағы «Өзбекстан Республикасы Монополиядан шығарыў ҳәм бәсекини раўажландырыў бойынша мәмлекетлик комитетин дүзиў ҳаққында»ғы Пәрманларын көрсетип өтиў мүмкин.

Хожалық ҳуқықының дереклеринен жәнe бири Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети шығаратуғын норматив ҳүжжетлер болып есапланады. Өзбекстан Республикасы Конституциясының 98-статьясында белгилангениндей, Министрлер Кабинети ҳәрекеттеги нызамларға муўапық, Өзбекстан Республикасы аймағындағы барлық органлар, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болған қарарлар ҳәм бийликлер шығарады. Усы қарарларда хожалық ҳуқықы субъектлериниң ҳуқықый ҳалаты, олардың меншик ҳуқықы ҳәм базарды дәзиў, товар ислеп шығарыў

ҳәм хызметлер көрсетиў менен байланыслы жумысларын шөлкемлестириў, раўажландырыўдың шара-илажлары белгиленеди. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарарларына мысал ретинде төмендегилерди көрсетиў мүмкин.

2000-жыл 2-августтағы «Өзбекстан Республикасы монополиядан шығарыў ҳәм бәсекини раўажландырыў бойынша мәмлекетлик комитети жумысын шөлкемлестириў ҳаққында», 2000-жыл 14-августтағы «Социаллық әҳмийетли азық-аўқат товарларын импорт қылыў ҳәм сатыўды тәртипке салыў шара-илажлары ҳаққында», 2002-жыл 20-августтағы «Лицензиялаўды бийкар қылыў ҳәмде тутыныў товарларын алып келиў ҳәм оларды ишки базарда сатыўды жетилистириў шара-илажлары ҳаққында»ғы қарарлары.

Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы министрликлери ҳәм мәмлекетлик комитетлер өз ўәкилликлери шеңберинде қабыл еткен ҳуқықый ҳүжжетлери де хожалық ҳуқықы дереги сыпатында көриледи. Әсиресе, жергиликли ҳәкимият ҳәм басқарыў органлары өз аймағы көлеминде күште болатуғын ҳуқықый ҳүжжетлер де бул барада зәрүр әҳмийетке ийе болады.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 111-статьясында мүлкшиликтиң түрли формаларына тийкарланған кәрханалар, мекеме, шөлкемлер ортасындағы, сондай-ақ, исбилерменлер ортасындағы экономика тараўында ҳәм оны басқарыў процессинде жүзеге келетуғын хожалық тартысларын шешиў Жоқары хожалық суды ҳәм хожалық судлары тәрепинен олардың ўәкилликлери шеңберинде әмелге асырылады деп көрсетилген. Хожалық судларында көрилген ислердиң туўры ҳәм анық шешилиўи бойынша суд практикасын улыўмаластырып, Жоқары хожалық суды Пленумында қарарлар қабыл етиледи. Бундай қарарлар хожалық ҳуқықы ушын дерек болмасада, нызамларды хожалық судлары тәрепинен туўры қолланып, хожалық тартысларын тез ҳәм туўры шешиўде зәрүр қолланба ўазыйпасын өтейди.

Жоқарыдағылардан келип шыққан ҳалда, хожалық тараўында норматив ҳүжжетлерди қабыл етиў ўәкиллиги берилген органлардың жүдә көплигине

исеним пайда етиў мүмкин. Бул органлар хожалық тараўында ҳәзирги күнде қабыл етилип атырылған норматив ҳүжжетлер белгили бир системаға ийе емес. Соның менен бирге, қабыл етилип атырылған норматив ҳүжжетлерде тәкирарланыў, бирин екиншисине қарама-қарсы қағыйдалардыда ушыратыў мүмкин.

Бул болса, бир түрдеги хожалық қатнасықларын ҳуқықый тәртипке салыўда алжасыўлардың келип шығыўына себеп болады. Усы машқала шешими төмендегилерди талап етеди:

**бириншиден,** хожалық тараўындағы нызамшылықты белгили бир системаға келтириў нызамларды қолланыўда қолайлылық жаратады;

**екиншиден,** бул тараўда норматив ҳүжжетлердиң өз-ара байланыслылығын, оларды қолланыўда тийкарғы нызам менен айрықша норматив ҳүжжетлерди анық бир қыйлы екенлигин тәмийинлейди;

**үшиншиден,** төменги органлар тәрепинен шығарылған норматив ҳүжжетлерди жоқары турыўшы органлар тәрепинен шығарылған норматив ҳүжжетлерге муўапықлылығы тәмийинленеди;

**төртиншиден,** хожалық нызамшылығында улыўма бөлимниң ислеп шығылыўы хожалық нызамшылығы тийкарғы принциплерине тийкарланған ҳалда арнаўлы бөлим қағыйдалары ислеп шығылады. Нәтийжеде, тийкарғы ҳәм арнаўлы бөлимниң бир пүтинлиги жаратылады, сондай-ақ, норматив ҳүжжетлердиң бийкарға көбейиўиниң алдын алады.

Жоқарыдағы белгиленген машқалалардың шешилиўи хожалық нызамшылығын бирден-бир системаға келтирип, оны кодификациялаў арқалы өз шешимин табыўы мүмкин.

Бул кодекстиң қандай аталыўы мәселеси тийкарғы машқала емес. Ол «Хожалық кодекси», «Коммерция кодекси», «Исбилерменлик кодекси» яки басқаша аталыўы мүмкин.

Хожалық нызамшылығының кодификацияластырылыўы хожалық қатнасықларының ҳуқықый тәртипке салыныўында айрықша әҳмийетке ийе болады. Соның ишинде, бул хожалық қатнасықлары субьектлерине

нызамлардан пайдаланыўларында қолайлық жаратады. Соның менен бирге, хожалық судлары хожалық жүргизиўши субъектлр ортасындағы хожалық тартысларын шешиўлериндеде, нызамлардыда бир бағдарда қолланылыўына ерисиледи.

Бизге белгили, режели экономика шәраятында хожалық қатнасықлары тек кәрхана ҳәм шөлкемлер олардың бөлимлери ортасында жүзеге келер еди. Хожалық искерлигин өз алдына пуқара емес, ал олардың жәмәати алып барар еди. Пуқара хожалық искерлигинде шөлкем жәмәати қурамында қатнасар еди. Олардың бул қатнасықлары болса мийнет ҳуқықы менен тәртипке салынар еди.

Ғәрезсиликтен соң республикамызда базар қатнасықларының басқышпа-басқыш қәлиплесип барыўында исбилерменлик искерлигиниң, исбилерменлик қатнасықлары қатнасыўшыларының да роли, тәсири барған сайын зәрүрли әҳмийетке ийе болып бармакта.

Соның ишинде, бул қатнасықтың өзине тән өзгешеликлери яғный ислеп шығарыўды шөлкемлестириў, исбилерменликти дизимге алыў, оны кәрхана формасында рәсмийлестириў, есап-китап алып барыў, салык төлеў, базарға товар, жумыс ҳәм хызмет пенен шығыў тәртибин ҳәм қағыйдасын белгилеў, кәрхана ҳәм шөлкемлер менен болатуғын өз-ара қатнасықларды ҳуқықый басқарыўды талап етеди[8].

Егер, бурын пуқара базарға шығыўы бизиң экономикамыз ушын тосыннанлық бир жағдай болып ҳәм ҳәкимшилик ҳуқық қағыйдалары менен басқарылған болса, ҳәзирги базар қатнасықлары шәраятында бул қатнасықлар бир пүтин болып, товар ислеп шығарыўшылар жумысын тәртипке салыўшы бирден-бир қағыйдалар менен тәртипке салынады.

Демек, кәрхана, шөлкемлердиң, исбилерменлердиң материаллық ислеп шығарыў ҳәм хызмет көрсетиў менен байланыслы экономикалык қатнасыклар бир пүтин ҳалда хожалық ҳуқықына тийисли нызамлар аркалы

[8] Хозяйственное право. Общие положения. Под ред. В.В.Лаптева. -М.: Наука, 1983 г.

тәртипке салынып турылатуғын ҳәм хожалық ҳуқықы дереклери тиккелей әмел қылатуғын хожалық қатнасықларының **биринши топарын** қурайды.

Хожалық ҳуқықы дереклери ҳуқықый тийкар сыпатында енгизилетуғын хожалық қатнасықлары тиккелей пайда алыў менен байланыслы болмаған ҳалда да бар болады. Бундай искерликке мысал ретинде мүлкти басқарыў, бийлик етиў, кәрхана дүзиў, сапластырыў менен байланыслы шөлкемлестириўшилик-мүлкий характердеги искерликлерди көрсетиў мүмкин. Мине усы қатнасықлар да тиккелей хожалық ҳуқықы қағыйдалары менен тәртипке салынып турылады[9].

Хожалық субъектлери ўәлаят, қала, район, жергиликли ҳәкимият органлары менен тийисли хожалық искерлигин шөлкемлестириў ҳәм мүлкти басқарыўда қатнасады. Бундай хожалық қатнасықлары пайда алыў менен байланыслы болса да, хожалық басқарыўды өз ишине алады.

Мәмлекет бюджетиндеги мекемелер, матлубот жәмийети, соцаллық фондлар ҳәм ўазыйпаларын шешиў ушын хожалық қатнасықларына кирисетуғын басқа мекемелер жумысы пайда алыў менен байланыслы болмаған искерлик топарына киреди. Бул қатнасық исбилерменлик искерлиги менен жүдә жақын болып, формасы жағынан оны әмелге асырыўдан дерлик парықланбайды ҳәм сол себепли хожалық ҳуқықы менен байланыслы болады. Бул хожалық ҳуқықы дереклери тәртипке салынатуғын ретлестирилетуғын хожалық ҳуқықый қатнасықларының е**кинши топарын** қурайды.

Мәмлекет жәмийет мәпин есапқа алған ҳалда хожалық искерлигин әмелге асырыўшы субьектлерге экономикалык тәсир етеди. оның жумысын қадағлайды. Бул қатнасық хожалық ҳуқықы предметиниң ***ушинши топарын*** қурайды.

Жоқарыда көрсетип өтилген қатнасықлар топары базар экономикасына тийисли болған ҳәм мәмлекет тәрепинен тәртипке салынатуғын хожалық

---

[9] Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ш.Рўзиназаров, А.Саидов, К.Рашидов ва бошқ.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров. -Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.

субъектлериниң көп тәреплемели искерлигин аңлатады ҳәм хожалық ҳуқықы дереклери тиккелей тәсир ететуғын жәиийетлик ҳуқықый қатнасықлардың бир пүтин системасын өз ишине алады. Хожалық ҳуқықы мәмлекеттиң ислеп шығарыў искерлигине тәсир етиў бойынша келип шығатуғын қатнасықларға да қолланылады. Бул мәмлекет пенен басқа субьектлердиң өз-ара вертикал бойынша хожалық жүритиў қатнасықлары болып есапланады.

Ҳәзирги шәраятта режелестириў формасындағы мәмлекет басшылығы, қадағалаў, бийлик етиў өз характерин ҳәм өзгешелигин жоғалтты. Ол көбирек шәртнама тийкарында тәсир етиў усылына өтти.

Мәселен, кәрханалардың өз ишки бууынларына басшылық етиўи ишки хожалық шәртнамаларына тийкарланады. Бирак азлы-көпли қабыл етилген режели ҳүжжет нәтийжесинде қуралатуғын тийисли қатнасықлар ҳәм басшылық, мәмлекет итияжы ушын мәмлекет буйыртпасы үстинен мүлк ийесиниң қадағалаў функциясы орнатылған қағыйда ҳәм тәртип жолы менен мәмлекет тәсир шарасын әмелге асырыў (социаллық. экологиялық ҳәм соған уқсас) тәртипке салыўдың белгили бир жыйындысын қурайды, экономикаға мәмлекеттиң тәсир етиў шараларының жаңа түрлери: салық, антимонополия қадағалаўы ҳәм басқалар келип шығады[10].

Хожалық искерлигин әмелге асырыў бойынша келип шығатуғын қатнасықлар кандайда бир бойсыныў яки ҳүкимранлық қылыўға қаратылған емес, ал товар алмаслаў, кәрханалардың ҳәм регионлардың өз-ара товар формасында болмаған ҳәрекети болып есапладаны. Сондай-ақ, бул толық хожалық жүргизиў, оператив баскарыў қатнасықлары болып, алмаслаў процессинде анық, өз-ара ис-ҳәрекет сыпатында сәўлеленеди. Мәселен, кәрхана өз фондын дүзеди, мийнетке ҳақы төлеў системасын ислеп шығады ҳәм қолланады, әсбап-үскенелерден пайдаланыўды шөлкемлестиреди ҳәм т.б.

Пуқаралар хожалық искерлигин әмелге асырыўда ислеп шығарыў кураллары, материаллар, шийки затқа ийе болады ҳәм оларды белгиленген

---

[10] Абдусаломов М. Тадбиркорларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларини ҳимоя қилиш. // Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Т.: «Консаудитинформ», 2002 й. – 34-б.

тәртипте ислеп шығарыў, товар алмаслаў процессинде қолланады, сарыплайды. Усыннан бир сораў пайда болады. Базар экономикасы қатнасықларына өтиў шәраятында бир тармақлы басқарыўда вертикал ҳәм горизонтал байланысларды бирлестириў мақсетке муўапық боладыма?

Юридикалық әдебиятларда ҳәзир де вертикал қатнасық мәжбүрий-ҳуқықый тәртипке салыўға тийисли, деген пикирлер бар[11].

Бул пикирлер оларды ҳәр қыйлы қатнасық деп есаплаўға тийкар болмайды. Олар хәммеси экономикалык мазмуны менен бирлескен қатнасық есапланады. Бизге белгили, исбилерменлик жумысы мәмлекет тәсири шарасы менен де раўажланады. Демек, жоқарыдан төменге (вертикал) ҳәм қаптал тәрептеги горизонтал қатнасықлар бул бирден-бир хожалық айланысы, тәкирар ислеп шығарыў процессинен қуралатуғын экономикалык қатнасықлар жыйындысы есапланады.

Солай екен, тиккелей хожалық ҳуқықы дереклери жыйындысын қурайтуғын хожалық нызамшылығы нормалары ҳәм қағыйдалары қолланылатуғын хожалық тараўындағы нызамшылық пенен белгиленетуғын хожалық ҳуқықый қатнасықлар бүгинги күнде экономикалық мазмуны жағынан ҳәр қыйлы формада өз көринисине ийе болып бармақта ҳәмде бул ҳалат хожалық ҳуқықы дереклери системасының ең жетилискен формасы қәлиплесиўине тийкар жаратпақта.

---

[11] Тадбиркорлик ҳуқуқи. Умумий қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ҳ.Раҳмонқулов, Ш.Рўзиназаров, М.Ниёзов ва бошқа.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров // -Т., «Консаудитинформ», 2002 й.

## 2. Хожалық ҳуқықы дереклериниң түрлери.

Ҳуқық дереклери ҳаққында сөз жүритилгенде, биринши нәўбетте нызам үстинде тоқталыў лазым. Өзбекстан Республикасында нызамлар ҳәкимияттың нызам шығарыўшы уйымы - Олий Мажлис тәрепинен әмелге асырылады. Қабыл етилетуғын бул нызамлар ҳәмме ушын мәжбүрий болған нормативликлик ҳүжжетлер болып табылады.

Өзбекстан Республикасының Тийкарғы нызамы - Конституция ҳәмме нызамшылық ушын, соның ишинде, хожалық нызамшылығы ушын да юридикалық дерек болып есапланады. Онда ҳуқықтың, соның ишинде, хожалық ҳуқықының да тийкарғы принциплери беккемленген, Конституцияның 18, 27, 36, 42, 53, 54, 56-статьялары тиккелей хожалық ҳуқықы қатнасықларын тәртипке салыўға қаратылған.

Мәселен, Конституцияның 18-статьяларында тең ҳуқықлық ҳаққында сөз барса, оның 27-статьясында инсан ар-намысы, кәдир-қымбатының қәдирлениўи ҳаққында гәп барады. 36-статьяда болса, ҳәр бир адамның мүлкдар болыўы беккемлеп қойылған.

Мийрасхорлық ҳуқықы нызам менен кепилленеди. 42-статьяда болса, доретиўшилик еркинлиги өз сәўлелениўин тапқәнлығы көринеди. 53-статьяда меншик формалары теңлигиниң қол қатылмаслығы ҳәм нызам менен қорғалыўы көрсетилген.

Конституцияның 54-статьясында болса меншик ҳуқықының мазмуны тиккелей өз сәўлелениўин тапқан. Оған тийкарланып мүлкдар өзине тийисли мүлкти өз қәлеўи менен ийелеў, пайдаланыў, бийлик етиўге ҳақлы. Сонын менен бир пайтта мүлкдардың ҳуқықы шегаралары да Конституцияда өз сәўлелениўин тапқан.

Мүлктен пайдаланыў экологиялық орталыққа зыян келтирмеўи, пуқаралар, юридикалық шахслар ҳәм мәмлекеттиң ҳуқықлары ҳәм де нызам менен қорғалатуғын мәплерине зыян келтирмеўи лазым[12].

---

[12] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. -Ттошкент: Ўзбекистон, 2008. – 44-б.

Өзбекстан Республикасының Конституциясының қабыл етилиўи мәмлекетимизде жаңа социаллық ҳәм экономикалық қатнасықлардың пайда болыўына тийкар болмақта.

Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодекси де конституциялық принциплерге тийкарланған ҳалда базар экономикасы шараятына сай келетуғын механизмди жаратыўға қаратылған. Ол хожалық ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўда айрықша орынды ийелейди. «Қабыл етилетуғын нызамлар ҳәм нызамшылыққа тийисли ҳүжжетлер өз-ара байланысқан болыўы ҳәм социал бағдарланған жалпы базар механизминиң ҳуқықый системасын жеделлик пенен жаратыўға көмеклесиўи керек»[13] - деген еди Президентимиз И. А. Каримов.

Базар қатнасықларының пүтиң системасын бирлестириўге ҳәм оның ишки уйғынлығын тәмийинлеўге хызмет[14] ететуғын, хожалық ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салатуғын, базар экономикасы қатнасықлары талапларына қаратылған кодификацияластырылған нызам – бул Өзбекстан Республикасының Пуқаралық кодекси болып есапланады.

Ғәрезсиз Өзбекстан Республикасының биринши Пуқаралық кодекси инсанлардың мүлкий ҳуқықлары менен байланыслы болған мәселелерди жаңаша шешеди. Онда:

- ҳәр түрли хожалық ҳуқықый питимлер дүзиўде кең еркинлик ҳәм имканиятлар берилген;

- пуқаралардың исбилерменлик хызмети менен шуғылланыўын тәртипке салады;

- пуқаралардың ҳуқық уқыплылығы кеңейтирилген, олар жалланба мийнеттен пайдаланыў, жеке меншикке, соның ишинде, жеке кәрханаларға ийе болыў ҳуқықына ийе болыўы, меншик формаларының теңлиги ҳәм оның қорғалыўы кепиленген;

---

[13] Каримов И.А. Ўзбекистон – бозор муносабатларига ўтишнинг ўзига хос йули. –Тошкент: Ўзбекистон, 1993. – 70-б.

[14] Каримов И.А. Ўзбекистон – бозор муносабатларига ўтишнинг ўзига хос йули. –Тошкент: Ўзбекистон, 1993. – 71-б.

- хожалық ҳуқықый қатнасықлар субъекти болған юридикалық шахсларға - шөлкемлерге өз искерлигинен пайдаланыўда, хожалық ислерин жүгизиўде кең имканиятлар берилген.

Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси улыўма бөлиминиң дүзилиси базар экономикасындағы шараят талапларына сай келетуғын хожалық ҳуқықы системасына үйлеседи. Өзбекстан Республикасының ҳәрекеттеги нызамлары да хожалық ҳуқықының дереги болып есапланады. Оларға “Меншик ҳаққында”ғы[15], “Ижара ҳаққында”ғы[16], “Жеке кәрхана ҳаққында”ғы[17], “Исбилерменлик искерлиги еркинлигиниң кепилликлери ҳаққында”ғы[18], “Қымбат баҳалы қағазлар ҳәм фонд биржалары ҳаққында”ғы[19], “Гиреў ҳаққында”ғы[20], “Товарлар базарында монополистлик искерликти шеклеў ҳәм бәсеки ҳаққында”ғы[21] ҳәм басқа нызамлар киреди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 76-статьясында: «Өзбекстан Республикасының Олий Мажлиси жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады», деп көрсетилген. Соған муўапық Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси тәрепинен қабыл етилген ҳәм хожалық ҳуқықый харектерге ийе болған нызам ҳүжжетлери хожалық ҳуқықының дереклерин қурайды.

Мәселен: Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси қабыл еткен Киши ҳәм жеке исбилерменликти қоллап-қуўатлаў, Меншик, Кәрханалар, Исбилерменлик ҳаққындағы ҳәм басқа нызамларды көрсетиў мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 94-статьясында: «Өзбекстан Республикасының Президенти Конституцияға ҳәм нызамларға тийкарланып ҳәм де оларды орынлаў бойынша республиканың барлық аймағында мәжбүрий күшке ийе болған пәрманлар, қарарлар ҳәм бийликлер шығарылады», - деп жазылған.

---

[15] Ўзбекистон ССЖнинг Олий Кенгаш Ахборотномаси 1990 й. 31-33-сон, 371-модда
[16] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгаш Ахборотномаси. 1994 й., 5-6-сонлар, 140-модда
[17] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1999 й., 31-сон, 100-модда
[18] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2001 й., 6-сон, 233-модда
[19] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2002 й., 16-сон, 199-модда
[20] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгаш Ахборотномаси 1998 йил 5-6-сон, 96-модда.
[21] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 й., 8-сон, 34-модда

Президент тәрепинен шығарылатуғын бул пәрманлар нызам астындағы ҳүжжетлер қатарына киреди. Сондай пәрманлар, хожалық ҳуқықый ҳүжжетлерин тәртипке салатуғын нормативлик ҳүжжетлер де үлкен әҳмийетке ийе болып, хожалық ҳуқықының дереги сыпатында айрықша орынды ийелейди.

Мәселен, Ташкент қаласындағы үй-жай қурылысын күшейтиў, жеке исбилерменликте интилылықты көрсетиў, оны қолллап-қуўатлаў ҳаққындағы ҳәм басқа пәрманларды келтириў мүмкин.

Өзбекстан Республикасының Конституциясының 98-статьясында «Министрлер Кабинети әмелдеги нызамларға муўапық Өзбекстан Республикасы аймағындағы барлық органлар, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы мәжбүрий болған қаралар ҳәм бийликлер шығарады», деп көрсетилген.

Соған муўапық, Министрлер Кабинети экономиканың, социаллық ҳәм руўхый тараўдың нәтийжели искерлигине басшылықты, нызамлар, Олий Мажлистиң басқа қарарларын ҳәм Президенттиң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери орынланыўын тәмийинлеў бойынша қарар ҳәм пәрманлар шығарады[22].

Буған мысал қылып, «Биржа ҳәм ярмарка саўдасын, фьючерс тийкарындағы шәртнама қатнасықларын раўажландырыў илажлары ҳаққында»ғы, «Жеке исбилерменликте Инта көрсетиў ҳәм оны қоллап-қуўатлаў бойынша кешиктирип болмайтуғын илажлар ҳаққында»ғы ҳәм басқа қарарларды келтириў мүмкин.

Ҳәр түрли министрликлер өзиниң Уставлары тийкарында шығарған тийисли нормативликлик ҳүжжетлер де хожалық ҳуқықы дереклери болып есапланады.

Ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкимиятлары өзине берилген ўәкилликлер шеңберинде тийисли аймақтағы барлық кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер,

---

[22] Өзбекстан Ҳүкиметиниң нормативлик қарорлары хожалык ҳуқықы деререги сыпатындағы мәселе бойынша толықрақ қаралсын. У.Чарияров. Право творчества республики. Т., 1991.

бирлеспелер, сондай-ақ, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралар тәрепинен орынланыўы зәрүр болған ҳуқықый характерге ийе болған қарарлар қабыл етеди. Бундай мәжбүрий қарарлар да хожалық ҳуқықтың дереги болып есапланады.

Исбилерменлик хызметиниң қандай да бир тараўында жүзеге келген ҳәм кең қолланылатуғын, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған минез-қулық қағыйдасы қандай да бир ҳүжжетте жазылған ямаса жазылмағанына қарамастан ис айланысы дәстүри деп есапланады.

Хожалық нызам ҳүжжетлеринде тийисли нормалар болмаған жағдайда, бул қатнасықларды тәртипке салыўда жергиликли дәстүр ҳәм үрип-адетлер қолланылады. (ПКниң 6-статьясы).

Бирақ қолланылатуғын ис дәстүрлери, жергиликли дәстүрлер ҳәм үрип-әдетлер нызам ҳүжжетлери нормаларына ҳәм шәртнама шәртлери мазмунына қайшы болмаўы керек.

Бурынғы аўқамның нызам ҳүжжетлери ҳәм нормативликлик ҳүжжетлеринен хожалық ҳуқықы дереги сыпатында пайдаланыў ушын еки шәрт бир ўақыттың өзинде бар болыўы лазым:

а) олардың мазмуны Өзбекстан Республикасы Конституциясына, әмелдеги нызамларға ҳәм Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик ғәрезсизлиги тийкарларына қайшы болмаўы лазым[23];

б) тап сондай нызам яки нормативликлик ҳүжжетлер Өзбекстан Республикасында еле ислеп шығылмаған, қабыл етилмеген болыўы лазым.

Хожалық нызам ҳүжжетлерин дурыс талқылаў ҳәм қолланыў ушын суд тәжирийбеси үлкен әҳмийетке ийе болса да, бирақ ол ҳуқық дереги болып есапланбайды.

Хожалық иси бойынша суд тәрепинен шығарылған қарар тек усы ис ушын ғана мәжбүрий болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы «Судлар ҳаққында»ғы нызамының 16-статьясында: «Суд әмелиятын улыўмаластырыў нәтийжелерин көрип

[23] ӨзР Олий Кенгаши 1992 йил 4 январьдағы қарары, «Ўзбекистон овози», 1992 ж. 5 январь.

шығады ҳәм нызам ҳүжжетлерин қолланыў мәселелери бойынша бағдарлама көрсетпелер береди», деп айтылған[24].

Буған тийкарланып Жоқары Суд, суд ислерин көриўде нызамларды қолланыў мәселелери бойынша судларға басшылық, түсиндириўлер хожалық ҳуқықының дереклери болмаса да барлық судлар ушын мәжбүрий болып есапланады ҳәм судлар тәрепинен булжытпай орынланыўы шәрт. Буған мысал сыпатында Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының 1992-жыл 19-июнь 51-ПЛ-92 санлы «Суд әмелиятында пуқара ҳәм шөлкемлердиң абройы ҳәм қәдир-қымбатын қорғаў ҳаққындағы нызамларды қолланыў ҳаққында»[25]ғы қарарын көрсетиў мүмкин.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы «Судлар ҳаққында»ғы нызамының 42-статьясында көрсетилиўинше, Өзбекстан Ресбупликасы Жоқарғы хожалық суды хожалық судлаўы тараўы суд ҳәкимиятының ең жоқары уйымы болып, ол тәрепинен қабыл етилген ҳүжжетлер қатаң ҳәм Өзбекстан Республикасының барлық аймағында орынланыўы мәжбүр болып табылады.

Жоқары Хожалық суды Пленум мәжилисинде бағдарлама көрсетпелер қабыл етеди. Сонны айтып өтиў керек, Өзбекстан Республикасы «Судлар ҳаққында»ғы нызамының 11-статьясында «Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапық Өзбекстан Республикасы Жоқары Суды ҳәм Жоқары хожалық суды Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисинде нызамшылық инициативасы ҳуқықына ийе»[26],-деп көрсетилген.

Хожалық ҳуқықый нормаларды қолланыў ҳәм талқылаў ҳаққында тоқталып, сонны айтып өтиў керек, ҳуқықый нормаларды қолланыў, дегенде, конкрет хожалық ҳуқықый қатнасықларды тийисли ҳуқық нормасына муўапық ҳалда ислениўи ҳәм бул қатнасық бойынша мәжбүрий күшке ийе болған қарар қабыл етилиўи түсиниледи.

Ҳуқық нормалары бул нормаларды қолланыўға ўәкилликли болған мәмлекетлик уйымлар тәрепинен, атап айтқанда, суд, прокуратура, хожалық

---

[24] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси, 2000 йил 1-2-сон, 10-модда.
[25] ЎР Олий Судининг Ахборотномаси, 1992, 3-сон, 18-22 бетлер
[26] ЎР Олий Кенгашининг Ахборотномаси. 1993, 10-сан, 367-статья.

суды ҳәм басқа уйымлар, сондай-ақ, айырым жағдайларда жәмәәт шөлкемлери тәрепинен қолланылады.

Ҳуқық нормаларын қолланыў түсинигинен оларға әмел қылыў түсиниги парқ қылады. Ҳуқық нормасын жоқарыда айтылғанындай, тек белгили бир ўакилликли уйымлар ғана қолланыўы мүмкин болса, ҳуқықый нормаларға әмел қылыўға ҳәр бир шахс (пуқара ҳәм шөлкем) мәжбүр болып табылады.

Ҳуқық нормасының дурыс қолланылыўы оның ҳәзирги ўақытта әмелде болыў-болмаўын, яғный оның бийкар етилген-етилмегенлигин, ямаса өзгертилген-өзгертилмегенлигин, оның қәншелли мәжбүрий болыў-болмаўын ҳәм ҳақыйқый болыў-болмаўын ҳәм ҳақыйқый текстиң анықлаў имканиятын береди. Ҳуқық нормасын конкрет хожалық ҳуқықый қатнасыққа қолланыў ушын оның анық мазмунын, мәниси ҳәм әҳмийетиң белгилеў зәрүр. Ҳуқық нормасы мәнисин белгилеў ҳәм түсиндириўге нызамды талқылаў делинеди.

## 3. Хожалық ҳуқықы нормаларын талқылаў

Хожалық ҳуқықы нормаларын талқылаў: талқылаўшы субъектлер, талқылаў усыллары, сондай-ақ, талқылаў көлемине қарап бөлинеди.

Норманны талқылаўшы субъектлер ҳуқық нормаларына рәсмий ҳәм рәсмий емес талқылаўшыларға бөлинеди. Рәсмий талқылаў ўәкилликли болған ҳәкимият уйымлары тәрепинен берилип, белгили дәрежеде мәжбүрий күшке ийе болады. Бундай талқылаў Олий Мажлис тәрепинен бериледи. Олар республика аймағында барлық пуқаралар ҳәм шөлкемлер ушын мәжбүрий есапланады[27].

Өзбекстан Республикасы тәрепинен, жергиликли кеңеслер тәрепинен берилетуғын талқылаўлар да рәсмий ҳәм мәжбүрий болып есапланады.

Рәсмий талқылаўдың түрлеринен бири суд талқылаўы болып есапланады. Белгили бир исти шешиўде суд тәрепинен берилген талқылаў шығарылған қарардың нызамлы күшке киргениңен соң усы ис бойынша мәжбүрий болып есапланады. Бирақ келешекте оған уқсас басқа исти шешиўде, басқа судлар, соның ишинде, сол судтың өзи де алдынғы истиң шешилиўине қарап мәселении шеше алмайды.

Себеби улыўма характерде болған айырым талқылаўлар Жоқарғы Суд Пленумы тәрепинен бериледи. Жоқарғы Суд ҳаққындағы нызамда Жоқарғы Суд Пленумы бағдарлаўшы түсиндириўлер бериўин көрсетеди.

Сол тәртипте қабыл етилетуғын қарарлар судларда ислердиң бир қыйлы көрилиўин тәмийинлеўге қаратылғанлағы себепли судлар ушын мажбүрий болып табылады.

Рәсмий емес талқылаў, деп мәжбүрий күшке ийе болмаған талқылаўға, мысалы, илимий шығармаларда, оқыулықларда, лекцияларда берилетуғын талқылаўларға айтылады. Бундай талқылаўлар юридикалық күшке ийе болмаса да нызамның мәнисин анықлаўға жәрдем береди.

Олар грамматикалық, логикалық, систематикалық ҳәм тарийхый талқылаўға бөлинеди.

---

[27] Рахимов Д. Тадбиркорлик фаолияти билан боғлиқ қонунчилик. // Хўжалик ва ҳуқуқ, -2001. -№2. – 45-Б.

Грамматикалық талқылаўда грамматика қағыйдаларынан пайдаланып, нызамда ислетилген айырым сөзлер, жумлалар, тәрийплеўлердиң (анықламалардың) мәнисин анықлаў жолы менен ҳуқықый нормалардың мазмуны белгиленеди. Мәселен, ПКниң 30-статьясында: «Руўхый кеселге яки ақылы кемислиги ақыбетинде өз ҳәрекетлериниң әҳмийетин түсине алмайтуғын яки оларды басқара алмайтуғын пуқараны суд нызам ҳүжжетлеринде белгилеп қойылған тәртипте ҳәрекет уқыплылығысыз деп табыўы мүмкин», делинген. Бул жерде нызам шығарыўшы «яки» сөзин ислетиў нәтийжесинде пуқараны ҳәрекет уқыплылығысыз деп табыў ушын еки тийкардан бирин, яғный өз ҳәрекетиниң әҳмийетин түсине алмаўы, я болмаса оларды басқара алмаслығы жетерли болады.

Логикалық талқылаўда нызамда ислетилген анықламалар, түсиниклер бир-бири менен ишки, үзликсиз, логикалық байланысқанлығын анықлап, ҳуқықый норманың мазмуны белгиленеди. Мәселен, ПКниң сол 30-стаьясында: «Руўхый кеселлиги яки ақылы кемислиги ақыбетинде өз ҳәрекетлериниң әҳмийетин түсине алмайтуғын яки оларды басқара алмайтуғын пуқараны суд нызам ҳүжжетлеринде белгилеп қойылған тәртипте ҳәрекет уқыплылығысыз деп табыўы мүмкин», делинген.

Демек, ер жетпен пуқара руўхый кесел болса да, суд тәрепинен «ҳәрекет уқыплылығысыз» деп табылғанға шекем ҳәрекет уқыплылығына ийе деп шамаланады[28].

Систематикалық талқылаўда ҳуқық нормасының мазмуны оның ҳуқық системасындағы ийелеген орнын белгилеў, оны басқа ҳуқықый нормалар менен салыстырыў жолы менен анықланады. Мәселен, 1963 жылда қабыл етилген ГКниң 321-статьясында мүлктиң ижараға алыўшы тәрепинен жаманластырылған ҳалда келтирилген зыянлардың ижараға бериўшиге төлетилиўи айтылады. Бул жерде зыян келтирилиўи шәртнама бойынша алынған миннетлемени бузыў менен байланыслы болғаны ушын тартыс ГКниң 479-статьясы менен емес, ал 321-статьясы менен шешиледи.

[28] Зокиров И.Б. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи. 1-қисм, Тошкент, Адолат, 1996. – 261-б.

Тарийхый талқылаўда ҳуқық нормасы қандай тарийхый жағдайларда қабыл етилгенлигин белгилеў жолы менен анықланады. Талқылаў өзиниң көлеми бойынша түп мәнистеги талқылаўда нызамның мәниси оның сәўлелениў, яғный жазылыў формасына туўры келиўи керек.

Шекленген талқылаўда нызамның мәниси оның сәўлелениўине қарағанда бир қанша таррақ көринеди. Кеңейтирилген талқылаўда нызамның мазмуны оның түп редакциясына қарағанда бираз кеңирек түсиниледи. Мәселен, ПК-ниң 115-статьсында: «Питимниң нызам талап ететуғын формасына әмел қылмаў нызамда туўрыдан-туўры көрсетилген жағдайда ғана оның ҳақыйқый емеслигине себеп болады», деп жазылған. Бунда «нызам» сөзи тек Олий Мажлис тәрепинен қабыл етилген нормативлик ҳүжжетти ғана билдирмей, ал ҳуқықтың басқа нормаларын да аңлатады. Хожалық ҳуқықы нормалары өзиниң тәсир күшине қарай императив ҳәм диспозитив нормаларға бөлинеди.

Императив нормалар, деп белгили бир ҳуқықый қатнасықта қатнасыўшылардың ерклери менен өзгертилиўи мүмкин болмаған, қатаң характерде болған, қатаң буйрық беретуғын нормаларға айтылады.

Императив нормаларға мысал қылып (ПК ниң 23-статьясы, 3-бәнти) «Пуқараның ҳуқық уқыплылығынан яки ҳәрекет уқылылығынан толық яки қыман бас тартыўға қаратылған басқа питимлер өз-өзинен ҳақыйқый емес», - деп айтылған гломаны көрсетиў мүмкин. Диспозитив нормалар деп, тәреплердиң өз ықтыярлары менен толықтырылыўы мүмкин болған ҳәм шәртнамаларда ҳуқықый қатнасықлардың өз-ара келисими бойынша тәртипке салыныўы мүмкинлигин көрсететуғын нормаларға айтылады. Мәседен, ПКниң 223-статьясы 1-бәнтинде үлесли меншиктеги мүлк қатнасыўшылар арасында олардың келисимине муўапық бөлистирилиўи мүмкин деп жазылған. Демек, бул ҳуқықый норманың мазмунына қарай үлесои меншик қатнасыўшылары өзине тийисли болған үлисин өзлериниң келиўине муўапық бөлистириўлери мүмкин екен.

## 4. Хожалық нызамлардың ўақыт, аймақ ҳәм шахслар бойынша әмелде болыўы. Нызам ҳәм ҳуқық аналогиялары

Хожалық нызамлардың әмелде болыў ўақты, дегенде усы нызам ҳүжжетиниң күшке кириўи пайтынан ҳуқықый күшин жойытқанға шекемги болған ўақыт нәзерде тутылады.

«Өзбекстан Республикасының нызамлары, Олий Мажлистиң басқа нормативлик ҳүжжетлери олар имзаланғаннан кейин узағы менен бир ҳәптелик мүддет ишинде дағазаланады ҳәм де егер ҳүжжетлердиң өзинде басқа қағыйда белгиленбеген болса, олар дағазаланғаннан кейин он күн өткеннен соң күшке киреди[29].

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарар ҳәм бийликлерин дағазалаў ҳәм әмелге киритиў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

Атап айтқанда, нормативликлик характерге ийе болған қарарларда олардың әмелге кириў ўақты көрсетиледи, егер көрсетилмесе қарарлар қабыл етилиў пайтында күшке киреди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 83-статьясы, 2-бөлимине тийкарланып нызамларды ҳәм басқа нормативликлик ҳүжжетлерди қолланыўдың зәрүр шәрти олардың баспа сөзде жәрияланғанлығы болып есапланады.

Дағазаланған делингенде, нызам яки нормативликлик ҳүжжет тексти яки тийкарғы мазмуны рәсмий дереклерде, баспа сөзде басып шығарылғанлығы, ғалаба хабар қураллары, соның ишинде, радио, телевидение арқалы мәлим етилгенлиги яки хызмет тәртибинде орынлаўшыларға арнаулы жеткерилгенлиги түсиниледи.

Хожалық нызамлары, соның ишинде, Өзбекстан Республикасы Пуқаралық кодекси де, улыўма қағыйда бойынша тек келешек ушын ғана

---

[29] Өзбекстан Республикасының Олий Мажлиси ҳаққындағы Өзбекстан Республикасының Конституциялық нызамы (10-статья). Ўзбекистоннинг янги қонунлари, 10-сон, Т., «Адолат», 1995, 227-бет.

әмелде болып, арқаға қайтыў күшине ийе емес, яғный олар жаңа нызамның әмелге киритилиў ўақытына шекем жүзеге келген ҳуқықый қатнасықларға қолланылмады (ПКниң 4-статьясы, 1-бәнти).

Нызамның арқаға қайтыў күшине ийе болыўы, яғный усы нызам әмелге киритилген күнге шекем жүзеге келген ҳуқықый қатнасықларға да қолланылыўына сол нызамның өзинде яки басқа нызамларда туўрыдан-туўры нәзерде тутылған жағдайларда ғана жол қойылады (ПКниң 4-статьясы, 2-банти).

Хожалық нызамлары әмелге киритилгенге шекем жүзеге келген қатнасықлар бойынша бул нызам ҳүжжети ол әмелге киритилгеннен кейин жүзеге келген ҳуқық ҳәм миннетлеоге қарата қолланылады, дүзилген шәртнама бойынша тәреплердиң қатнасықлары буған кирмейди[30].

Хожалық ҳуқықы характериндеги нормативликлик ҳүжжетлер бийкар етилиўине шекем яки жаңа ҳүжжетлер менен алмастырылғанына шекем әмелде болады.

Хожалық нызамлары белгили бир аймаққа тийисли. Өзбекстан Республикасының нормативлик ҳүжжетлери Өзбекстан аймағында әмелде болады. Өзбекстан нызамлары ҳәм басқа нормативлик ҳүжжетлерде белгиленген қағыйдалардың мәлим бир ўалаят, қала ямаса район аймағында ғана қолланылыўы ҳаққында көрсетпелер болыўы мүмкин.

Хожалық нызамлары жәмийетлик түрмыс қатнасықларында дерлик күн сайын жүзеге келип атырған қатнасықларды толық өз ишине алған қағыйдаларды бере алмайды. Турмыста хожалық ҳуқықы нормалары менен нәзерде тутылмаған жаңа қатнасықлар да пайда болыўы мүмкин. Сол себепли хожалық ҳуқықында аналогияға (уқсатыў) жол қойылады.

Өзбекстан Республикасы ПКниң 5-статьясына тийкарланып хожалық ҳуқықый қатнасықлар нызам ҳүжжетлери ямаса тәреплердиң келисими менен туўрыдан-туўры тәртипке салынбаған жағдайларда хожалық нызам

[30] Чувпило А.А. Хозяйственное право зарубежных стран. Учебное пособие. -К.: УМКВО, 1992 г. –С. 347.

ҳүжжетлериниң уқсас қатнасықларды тәртипке салыўшы нормасы қолланылады (нызам уқсаслығы).

Егер нызам уқсаслығынан пайдаланыў мүмкин болмаса, тәреплердиң ҳуқық ҳәм миннетлери хожалық нызам ҳүжжетлериниң улыўмалық негизлери ҳәм мазмунына (ҳуқық уқсаслығына) ҳәм де ҳадаллық, ақыллылық ҳәм әдиллик талапларына әмел қылған ҳалда белгиленеди.

Жоқарыда көрсетилген нормаға муўапық уқсатыў (аналогия) еки түрге бөлинеди: бириншиси - нызам бойынша уқсатыў, екиншиси - ҳуқық бойынша уқсатыў. Уқсас қатнасықларды тәртипке салатуғын нызамды қолланыўға нызам аналогиясы делинсе, даўлы қатнасықты нызамлардың улыўмалық негизлери ҳәм мәнисине таянып шешиўге ҳуқық аналогиясы деп айтылады.

Аналогия ҳаққындағы қағыйдаларды қолланыўда төмендегилерди нәзерде тутыў керек.

Бириншиден, жоқарыда көрсетилген қағыйдаларға тек усы мәселе тийкарынан тийисли нызам ҳәм бийликлер болмаған жағдайда ғана тийкарланып исти шешиў мүмкинлигин, екиншиден, бундай аналогия тәризинде шығарылған суд қарары тек даў ушын ғана күште болыўын ҳәм, үшиншиден, суд нызамларының улыўмалық негизлери ҳәм мазмунына қурыдан-қуры силтеў қылмастан, ал қарарды саўлелендириўде суд нызамлардың қайсы бир улыўма негизине таянып, өз қарарын шығарғанлығын көрсетиў лазым[31].

Хожалық ҳуқықларын шеклейтуғын ҳәм жуўапкершилик белгилейтуғын нормаларды уқсаслық бойынша қолланыўға жол қойылмайды (ПКниң 5-статьясы, 3-бәнти).

[31] Абдусаломов М. Тадбиркорларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларини ҳимоя қилиш. // Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Т.: Консаудитинформ», 2002 й. – 25-б.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Исбилерменлик саласында мәмлекеттиң тийкарғы ретлестириўши ўазыйпасы көз-қарасы тийкарында ҳәм усы питкериў жумысының мазмун мәниси ҳәмде онда белгиленген ўазыйпалардың орынланыўы менен байланыслы ҳалда төмендегише жуўмақлар, пикир ҳәм усынысларды келтирип өтиў мақсетке муўапық болып есапланады:

1. Хожалық ҳуқықы ҳуқықтың бүгинги күндеги экономикалық байланыслар барған сайын қурамаласып атырған бир шәраятында айрықша тармақларынан бири болып атырғанлығы тиккелей хожалық ҳуқықы дереклери шеңбериниң кеңейиўине де алып келди.

Сонлықтан, усы питкериў жумысының изертлеў ўазыйпаларын орынлаўдың илимий тийкары сыпатында хожалық ҳуқықының ҳуқықый доктринал сыпатламасы берилди яғный хожалық ҳуқықы дереклери – бул мәмлекет пуқара ҳәм жәмийет ортасындағы экономикалық байланысларды ҳуқықый ретлестириўши ҳәмде хожалық қатнасықларын белгили бир системаға салып турыўшы ҳуқық нормалары жыйындысы болып есапланады.

2. Хожалық ҳуқықы дереклериниң ситемасы улыўмалық ҳәм арнаўлы ҳуқық нормаларынан қуралады. Улыўмалық ҳуқық дереклери хожалық ҳуқықы системасының улыўма бөлимине тийисли ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўшы нормалар жыйындысын өз ишине алса, хожалық ҳуқықы дереклери системасының арнаўлы ҳуқық нормалары хожалық искерлигиниң конкрет ҳалатларын ҳуқықый ретлестириўге хызмет етеди.

3. Хожалық ҳуқықы дереклери системасын қурайтуғын нызамлар комплексин өз алдына кодификацияланған нызам көринисинде де алып қараўымызға болады. Себеби, ҒМДА мәмлекетлериниң айрым еллериниң нызамшылық системасында Хожалық кодексиниң қабыл етилгенлиги де белгили. Усылардан келип шыққан ҳалда Өзбекстан Республикасында да Хожалық кодексин қабыл етиў бойынша нызамшылық басламасының комплекс шара-илажлары әмелге асырылыўы ҳәм ақыр соңында Хожалық

кодексин қабыл етиў бойынша нызамшылық дөретиўшилиги жумыслары алып барылыўы, бир сөз бенен айтқанда усы кодекс қабыл етилиўи тийис.

4. Миллий нызамшылық системасында хожалық ҳуқықы тарўына тийисли норматив ҳуқықый ҳүжжетлерди талқылаўдан өткенген ҳалда ондағы айырым кемшиликлер структурасын исле шығыў тийис. Мәселен, бүгинги күнде киши бизнес ҳәм жеке  исбилерменлик искерлигин тиккелей тәризде ҳуқықый ретлестириўши нызамшылық акти елеге шекем қабыл етилмеген.

Соның менен биргеликте, жумысты үйде алып ислеўшилер, шаңарақ исбилерменлиги менен байланыслы нызам асты ҳүжжетлери қабыл етилген болса да, бул бойынша тараўға тийисли нызамлар елеге шекем қабыл етилмеген.

Усыларға тийкарлана отырып, усы питкериў жумысында шаңарақ исбилерменлиги ҳаққындағы нызам жойбарын ислеп шығыў ҳәм оны қабыл етиў усынысы илгери сүриледи.

5. Хожалық ҳуқықы нызамларының ҳуқықый мониторинги жумысларына да айрықша итибар қаратылыўы тийис. Солардан, исбилерменлик субъектлери ҳуқықлары ҳәм мәплерин тиккелей нгызамшылық нормаларында сәўлелендирилиўин бақлаў, оларға қолайлы экономикалық ҳәмде ҳуқықый шәрт-шәраятларды жаратып бериў менен байланыслы нызам дөретиўшилиги ислеринде арнаўлы түрли нызамшылық мониторинги усылларынан кең пайдаланыў усыныс етиледи.

Себеби, айырым ҳалларда мәмлекет яки ол ўәкиллик Берген тийисли органлар тәрепинен айрым тараў нызамлары яки нызам асты ҳүжжетлерин қабыл етиўде усы нызамларда көбирек өзлериниң мәплери үстинлигине әҳмийет бериўге ҳәрекет етиўлери мүмкин.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ.

### I. Бағдарлаўшы әдебиятлар:


1. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2005. -96 б.
2. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. –Тошкент: Ўзбекистон, 2008. -368 б.
3. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -56 б.
4. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. –Тошкент: Ўзбекистон, 2009. -280 б.
5. Каримов И.А. Асосий вазифамиз – Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. –Тошкент: Ўзбекистон, 2010. – 80 б.
6. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. // “Халқ сўзи”, 2010 йил 13 ноябрь (№ 220).
7. Каримов И.А. Барча режа ва дастурларимиз Ватанимиз тараққиётини юксалтириш, халқимиз фаровонлигини оширишга хизмат қилади. (2010 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2011 йилга мўлжалланган энг муҳим устувор йўналишларга бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси). // “Туркистон”, 2011 йил 22 январь, №7 (15437).


### II. Нызамлар ҳәм ҳуқықый-норматив ҳүжжетлер.


8. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси // Т.: «Ўзбекистон», 2000 й.
9. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик кодекси // Т.: «Адолат», 1996 й.
10. Ўзбекистон Республикасининг «Давлат тасарруфидан чиқариш ва хусусийлаштириш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1992 й., 43-сон.
11. Ўзбекистон Республикасининг «Ижара тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1992 й., 1-сон, 45-модда.

12. Ўзбекистон Республикасининг «Маҳсулот ва хизматларни сертификатлаш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1994 й., 2-сон, 50-модда.
13. Ўзбекистон Республикасининг «Истеъмолчиларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1996 й., 5-6-сонлар, 59-модда.
14. Ўзбекистон Республикасининг «Акциядорлик жамиятлари ва акциядорларнинг ҳуқуқларини ҳимоя қилиш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1996 й., 5-6-сон, 61-модда.
15. Ўзбекистон Республикасининг «Товар бозорларида монополистик фаолиятни чеклаш ва рақобат тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997 й., 2-сон, 54-модда.
16. Ўзбекистон Республикасининг «Қишлоқ хўжалиги кооперативи (ширкат хўжалиги) тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси – 1998 й., 5-6-сонлар, 84-модда.
17. Ўзбекистон Республикасининг «Фермер хўжалиги тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси 1998 й., 5-6-сонлар, 86-модда.
18. Ўзбекистон Республикасининг «Деҳқон хўжалиги тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1998 й., 5-6-сонлар, 88-модда.
19. Ўзбекистон Республикасининг «Инвестиция фаолияти тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 й., 1-сон, 10-модда.
20. Ўзбекистон Республикасининг «Чет эллик инвесторлар ҳуқуқларининг кафолатлари ва уларни ҳимоя қилиш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 йил, 5-6-сонлар, 91-модда.

21. Ўзбекистон Республикасининг «Товар ишлаб чиқарувчилар ва тадбиркорлар палаталари тўғрисида»ги Қонуни //Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997 й., 1-сон, 112-модда.
22. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик юритувчи субъектлар фаолиятини давлат томонидан назорат қилиш тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1999 й., 1-сон, 8-модда.
23. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик юритувчи субъектлар фаолияти шартномавий-ҳуқуқий базаси тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикасининг Янги қонунлари. Т., «Адолат», 1999 й., 21-сон.
24. Ўзбекистон Республикасининг «Фаолиятнинг айрим турларини лицензиялаш тўғрисида»ги Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2000 й., 5-6-сон, 142-модда.
25. Ўзбекистон Республикасининг «Тадбиркорлик фаолияти эркинлигининг кафолатлари тўғрисида»ги Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 2000 й., 5-6-сонлар, 140-модда.
26. Ўзбекистон Республикасининг «Хўжалик ширкатлари тўғрисида»ги Қонуни // «Халқ сўзи газетаси, 2002 йил 17 январь, 12-сон.
27. Ўзбекистон Республикасининг «Масъулияти чекланган ҳамда қўшимча масъулиятли жамиятлар тўғрисида»ги Қонуни // «Халқ сўзи» газетаси, 2002 йил 22 январь, 15-16-сон.
28. Ўзбекистон Республикасининг «Банкротлик тўғрисида»ги (янги таҳрири) Қонуни. // Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами. 2003 й., 11-сон, 80-модда.
29. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Корхоналарнинг банкротлиги тўғрисидаги қонунчиликни амалга оширишга доир қўшимча чора-тадбирлар ҳақида»ги Фармони. // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1999 й., 7-сон, 42-модда.
30. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Хўжалик юритувчи субъектларнинг иқтисодий ночорлиги ва шартнома мажбуриятларини бажарилиши учун мансабдор шахсларнинг жавобгарлигини кучайтириш

тўғрисида» 1998 йил 4 мартдаги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 й., 3-сон, 43-модда.

31. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Хусусий тадбиркорлик, кичик ва ўрта бизнесни ривожлантиришни янада рағбатлантириш чора-тадбирлари тўғрисида» 1998 йил 9 апрелдаги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси. 1998 й., 4-сон, 64-модда.
32. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Ўзбекистон иқтисодиётида хусусий секторнинг улуши ва аҳамиятини тубдан ошириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги Фармони // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2003 й., 1-сон, 12-модда.
33. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Тадбиркорлик субъектларини давлат рўйхатидан ўтказиш ва ҳисобга қўйиш тизимини такомиллаштириш тўғрисида»ги 2001 йил 25 августдаги 347-сонли Қарори // Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари тўплами, 2001 й., 8-сон, 47-модда.
34. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг «Истеъмолчилар ҳуқуқларини ҳимоя қилишда жамоатчилик иштирокини кенгайтириши чора-тадбирлари тўғрисида»ги 2002 йил 28 ноябрдаги 414-сонли Қарори // Ўзбекистон Республикаси Ҳукуматининг қарорлари тўплами, 2002 й.,11-сон, 73-модда.
35. «Ўзбекистон Республикаси хусусий тадбиркорлик тўғрисида»ги Низом. – Т., «Ўзбекистон», 1992 й.
36. Ўзбекистон Республикаси Олий суди ва Ўзбекистон Республикаси Олий хўжалик суди Пленуми қарорларининг тўплами // Нукус, «Билим», 2000 й.
37. Ўзбекистон Республикаси Олий хўжалик суди Пленуми ва Раёсати қарорлари тўплами (1993-2001) // -Т.: «Адолат», 2001 й.

**III. Тийкарғы ҳәм қосымша әдебиятлар.**

38. Абдусаломов М. Тадбиркорларнинг ҳуқуқлари ва қонуний манфаатларини ҳимоя қилиш. // Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.

39. Андреев В.К. Правосубъектность хозяйственных органов: сухность и реализация. -М.: Изд-во «Наука». 1996 г.
40. Гражданское право. Том 1: Учебник / Отв. ред. проф. - Е.А. Суханов. 2-изд., перераб. и доп. –М.: Из-во БЕК, 1998 г.
41. Дойников И.В. Предпринимательское (хозяйственное) право. М., 1998 г.
42. Ершов И.В., Иванов Т.Н. Предпринимательское право. Москва, 1999 г.
43. Зокиров И.Б. Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик ҳуқуқи. 1-қисм, Тошкент, Адолат, 1996 й.
44. Ибратов Б. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Т., Молия, 2001 й.
45. Караходжаева Д. О юридических лицах и их имуҳественных правомочиях // Давлат ва ҳуқуқ. 2000 й., 1-сон.
46. Круглова Н.Ю. Хозяйственное право. -М.: Русская деловая литература.1998 г.
47. Лаптев В.В. Предпринимательское право: понятие и субъекты. М., Юристь, 1999 г.
48. Мартемьянов В.С. Хозяйственное право. Том 1. Общие положения. М., БЕК, 1994 г.
49. Оқюлов О. Тадбиркорларнинг ҳуқуқлари, бурчлари, жавобгарлиги ва ҳуқуқий кафолатлари. Тадбиркорлик фаолиятининг объекти сифатида мулк. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Дарслик. (Умумий қисм) // Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.
50. Отахонов Ф.Ҳ. Акционерлик жамиятлари // Т.:«Адолат», 1996 й.
51. Олейник А.С. Предпринимательское (хозяйственное) право. М., Юристь, 2000 г. 1-2-том.
52. Плиев Э.Г. Правовые проблемы предпринимательства в России. Цивилистический аспект. М.: Проспект, 1999 г.
53. Раҳмонқулов Ҳ. Мустақиллик ва бозор-хўжалик қонунчилиги // Хўжалик ва ҳуқуқ, 1996 й., 1-сон.
54. Рўзиназаров Ш.Н. Хўжалик юритувчи субъектларнинг шартнома муносабатлари // Хўжалик ва ҳуқуқ, 1999 й., 5-сон.

55. Рўзиназаров Ш.Н. Тадбиркорлик ҳуқуқи субъектлари ва уларнинг ҳуқуқий ҳолати // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 8-сон.
56. Рахимов Д. Тадбиркорлик фаолияти билан боғлиқ қонунчилик. // Хўжалик ва ҳуқуқ, 2001 й., 2-сон.
57. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Умумий қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ҳ.Раҳмонқулов, Ш.Рўзиназаров, М.Ниёзов ва бошқа.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров // -Т., «Консаудитинформ», 2002 й.
58. Тадбиркорлик ҳуқуқи. Махсус қисм. Дарслик. Таҳририят ҳайъати: Ш.Рўзиназаров, А.Саидов, К.Рашидов ва бошқ.; Масъул муҳаррир: Ш.Рўзиназаров. -Т.: «Консаудитинформ», 2002 й.
59. Хозяйственное право. Общие положения. Под ред. В.В.Лаптева. -М.: Наука, 1983 г.
60. Чувпило А.А. Хозяйственное право зарубежных стран. Учебное пособие. -К.: УМКВО, 1992 г.
61. Ўзбекистон Республикаси Фуқаролик кодексининг 2-қисмига шарҳлар. -Т., 1998 й.

**IV. Интернет материаллары**

62. www.mmulk.uz
63. www.norma.uz
64. www.patent.uz
65. www.pravo.vsem.uz
66. www.pravo.ru
67. www.ut.uz